# Темэр: 1эшъынэ Хь. Рассказэу « Ч1ыгу 1эш1у»

# Мурадыр:

-узщалъфыгъэм, уихэгъэгу ш1улъэгъу инэу, шъыпкъэныгъэ пытэу фыуи1эн фаеу рассказым пкъырылъыр.

-Нурбый иличнэсть зэрэуцурэр, зэрэпытэрэр.

-Аминэ игущы1эхэм, игупшысэхэм алъапс, ямэхьан.

# 1эмэ-псымэр:

- слаидым икъэгъэлъэгъон

-авторым исурэт, итхылъхэр

-фотографиехэр

-орэдэу «Турецкий берег»

-дискэу «Черкесия»

1. Темэм изэгъэш1эн.
   ***К!ЭЛЭЕГЪАДЖЭР***
   Непэ тиурок хьак1эхэр къеблэгъагъэх, ащ пае шъумыук1ытэу зыжъугъэчан.
   Темэу ти1эр непэ 1эшъынэ Хь. Ирассказэу «Ч1ыгу 1эш1у» зыфи1орэ рассказыр ары.
   Хэта к1эк1э тхак1ом итворчетвэ къытфытегущы1эщтыр?
   ***К!ЭЛЭЕДЖАК!ОР***
   1эшъынэ Хь. 1926-рэ илъэсым щылэ мазэм и2 Теуцожь ра-он. Ит къуаджэу Гъобэкъуае къыщыхъугъ. Къуаджэм дэт илэсибл еджап1эр къызеухым яколхоз щэлажьэ, къулыкъум дзэ щехьы. Адыгэ тхылъ тедзап1эм 1оф щиш1агъ. 1951- илъэсым ытхыгъэхэр хиутынэу регъажьэ. Ытхыгъэхэм ащыщ усэхэр, романхэр, повестхэр, рассказхэр арап, тыркубзэк1э зэрадзэк1ыжьых. 1994-рэ илъэсым 1эшъынэ Хь. Дунаим ехыжьы
   ***К!ЭЛЭЕГЪАДЖЭР***
   Ащ ытхыгъэмэ зэу ащыщ рассказэу «Ч1ыгу 1эш1у» зыфи1орэр. Мы гущы1эм 1эшъынэм къыригъэк1ырэрикъу фэдизэу къыдгуры1он, зэхэтш1эным пае лъэпкъым итарихъ тэрэзэу тш1эн фае.

   СЛАИДЫМ ИКЪЭГЪЭЛЪЭГЪОН
   Уибыракъ ижъуагъохэр къыхэжъыук1ымэ джащ фэдэу уищы1эныгъи орэк1у, уибыракъ ищэбзащэхэр тетмэ л1ыгъэ пхэлъэу зек1у.
   Адыгэ лъэпкъым хыш1уц1э 1ушъор ары ипсэуп1агъэр. А хыш1уц1эр а мафэм плъыжьы хъугъэ, а мафэм зи къэмыхъутым фэдэу тыгъэри къыкъок1ыгъ.
   Къолэбзыухэр арых а мафэм шэтапхъэу а мафэм и1агъэхэр.
   Тхьамык1агъор унагъо пэпчъ къихьагъ, аущтэу зэп тилъэпкъ къызэрек1угъэр.

Лъэпкъ пэпчъ имэфэ ш1уц1эхэр и1эх. Адыгэ лъэпкъым имэфэ ш1уц1эр ич1ыгу ыбгынэныр ары.
Ц1ыфыр дунаим къызэрэтехъорэр зэ, зыбз, зыхабз зэрылажьэрэр.
Къызыхъугъэм щегъэжьагъэу псынэк1эчъыпсым ешъуагъэу, псыкъечъэх макъэр зэхэзыхыгъэу, къушъхьэжьыр къэзыщагъэр ары а ч1ып1эр ежь иеу и Родинэу зы1он зылъэк1ыщтыр.
Непэ ч1ып1эу тызщалъфыгъэу тызщап1угъэр ным фэтэгъадэ.
Джы тэ тянэм ыч1ып1эр Адыгэ хэкур ары.
Урысые хэгъэгум изы1ахьэу Северный Кавказ тэ Адыгэ хэкук1э тыхэт нэбгырэ мин 75 щэпсэу. Тихэку адыгэ лъэпкъ закъоп щыпсэурэр, урыси, чэчэни, тыркуи, украини…….
Непэ статус Р.А. ти1э хъугъэ, хэкум герби, гимни, быракъи и1. Фэшъхьаф республикэхэм тэри шъхьафитэу такъыхэуцуагъ.
Непэ тищы1ак1э зэрэдэгъум фэдагъэп я 18-рэ л1эш1эгъум зэмызэгъыныгъэу Урысыемрэ Кавказырэ щыпсэухэрэм ахэр Дагестанхэр, Щэщэнхэр, Къэбэртэе –Бэлкъархэр, Адыгэхэр азыфагу къеуцо.
1830 щегъэжьагъэу Урас-Кавказ заоу илъэс 36 к1огъэ заом ыпкъ къик1ык1э адыгэ лъэпкъым къырык1уагъэр къинышху.
Урыс лъэпкъымрэ адыгэ лъэпкъымрэ зэпэбгъэуцумэ ащк1э як1уач1эхэр зэфэдагъэхэп. Урысыер нахь лъэшыгъ, нахьыбэ мэхъу «Уитехъон еплъыри плъакъо ушку» е1о адыгэ гущы1эжъым. Лъэпкъэу узпэуцурэм к1уач1эк1э уфыримыкъун зыхъук1э фэшъхьаф хэк1ып1э къэбгъотын фае.
Уапэ ит пащэу лъэпкъыр зезыщэн зылъэк1ыщтым бэ ы1э илъы хъурэр.
Урысыем хы ш1уц1эм ик1эу нэфэшъхьаф къэралыгъохэм як1оу гъогу ыш1ын фае мэхъу Экономическэ, политическэ, торговэ лъэныкъохэм афэгъэхьыгъэу.
Адыгэхэр зыщыпсэурэ ч1ыгум ик1эу ахэр зэк1э гъэпсыгъэн фэягъэ арары зэмызэгъыныгъэхэр къызхэк1ыгъэр.
Адыгэ хасэм ил1ык1охэр Александрэ 2 дэжь агъак1ох. Зао хэмытэу зэзэгъыныгъэ зэгур1оныгъэ къыфагъотыным щыгугъхэу.
Кубань адыгэхэр къак1охэшъ джы непэ тэ тызщыпсэурэ ч1ып1эм, псэуп1э ч1ыгухэр къащыретых. Адыгэ чылагъо пэпчъ урыс чылагъо дэсэу е Тыркуем ерэк1ых е1ошъ къаре1о. Адыгэхэр ащ къезэгъхэрэп, ащ нахь лъэшэу къегъэблых. Заом ыуж заор итэу зэпэуцух. Адыгэ лъэпкъ ц1ык1ур Урысые лэпкъ хэгъэгушхом пэуцу.

ЗАО –а гущы1эр гущы1э жъалым, щы1эмэ анахь къин, анахь тхьамык1агъу, ц1ыфыпсэр 1узыхэу, псэуп1эхэр зыкъутэхэу, ьныр зыгъэнэт1упц1эу, сабыйхэр ебэу къэзгъэнэрэ гущы1. Адыгэ лъэпкъыр къинымс езэщыгъэу, хьэ щтагъэу къогъум къуагъэзыхьагъэм фэдэу ыш1эщтыр ымыш1эу, хэк1ып1э тэрэзым лъыхъоу, зыздигъэзэщтыр ымыш1эу къэнагъ. Къэнэтыр хэзыхырэр зырыз, нахьыбэмэ Тыркуем гоуцныр хахы….

Къэгъазэ щы1эп, чылэхэр мэстых, хьайуанхэр мэбыух, къушъхьэ т1уак1э гъогухэм ц1ыфхэр адафэхэрэп, хы нэпкъым ц1ыфхэр 1уфэхэрэп, Тырку къухьэхэм ц1ыфхэр арэт1ысхьэх.
ЛЪЭПКЪЫР МЭКОЩЫ
Орэдым тедэ1у, клипым теплъы.

Ц1ыфыр гъогу техьэмэ зыдак1орэмрэ къызэрэтыщтымрэ ялъытыгъэу ищык1эгъэщт пкъыгъохэр зыдештэх. Адыгэ лъэпкъыр Тыркуем зежьэм и1эгу, ибылым, иун, ипсэуп1э

къыбгынагъ, илъфыгъэхэр гъусэ ыш1ыхи, къыгъэзэжьыным щыгугъэу къызэплъэк1ыжьызэ ышъхьэ рихьыжьэжьыгъ. Адыгэ лъэпкъыр **МУХАДЖИР** хъугъэ.

Хымэ хэгъэгу нэсыфэ ц1ыфыбэ мал1э, нэсыгъэхэми ч1ып1э рэхьат агъотырэп, тыркум ич1ыгу къаритырэп. А хэгъэгум щил1эрэр бэ дэд ашхыни ащыгъыни амыгъотэу ащ бэу щэгузажъох. Ным исабыйхэр гъаблэм ымыгъэл1энхэм пае ещэ унэ1утэу хьалыгъу бзыгъэк1э.

Адыгэ лъэпкъэу зич1ыгу лэжьыгъэк1э гъэбэжъоу, зимэзхэр хьэк1э-къуак1эк1э баеу, зи1анэ чэщи мафии гъомлапхъэк1э зэ1ухыгъэу щытыгъэм исабыйхэр гъаблэ егъал1эх.
Ипшъэшъэ дахэхэр, ик1элэ бланэхэр итэкъухыгъэ хъугъэх. Ащ фэдэ зэмани къырык1уагъ адыгэ лъэпкъым.
Непэрэ мафэхэр тштэмэ адыгэхэу тыркум щыпсэухэрэм ашъхьэ фимытэу лъэпкъыбзэк1э аштэ тыркубзэр ащ пае къареты ч1ыгу.
Арэущтэу щыт нахь мыш1эми шъэфэу ясабыйхэм адыгабзэк1э адэгущы1эх, алъэпкъ зыщагъэгъупшэрэп.
Мэщбэш1э И. иусэу «Синыдэлъфыбз» къеджэ К1ык1 Адамэ
Непэ адыгэу тыркум щыпсэухэрэм фитыныгъэ я1э хъугъэ абзэ мыщынэу рыгущы1энхэу, ащк1э еджэнхэу фиты хъугъэх.
Илъэс 36 к1огъэ заор зэошху. Гущы1э дахэк1э агъэпц1агъ адыгэхэр , щэ шъуй макъэм дэгу ыш1ыгъэхэу ахэм яхэку абгынагъ. Шъхьак1ом, гукъаом рихьыжьагъэу лъэчъэх насыпым… ау яхэкужъы пэчыжьэу агъотрэр хьадэгъу.

Мы заом хъуни мыхъуни къыздихьыгъ.

## МЫХЪУНЫР:

лъэпкъым ч1энэгъэшхохэр и1э мэхъу, лъэпкъ псаухэр егъэк1одыгъ, лъэпкъхэр итэкъухьагъэ хъугъэх, ц1ыфыбэ хэк1одагъ.

## ХЪУНЭУ ХЭТЫР: унэ1утхэр щы1эжьхэп, ц1ыфхэр ащэжьхэрэп, экономикэр,

наукэр нахь баи мэхъу, тхэк1э еджэк1э амал я1э мэхъу. Адыгэхэу къэнагъэхэр Кубань къащыратыгъэ ч1ып1эп щыпсэунхэу рагъажьэ , непэ Адыгэ хэкум тыщэпсэу.
Ц1ыф лъэпкъэу дунаим щыпсэурэр бэ , ахэмэ яхабз яшэн зек1уак1, язэфыщытык1 ахэр зэзгъаш1эрэм лъытэныгъэ фэпш1ын тефэ. Ащ фэд 2014- рэ илъэсым Москва къик1хи Очэпщыерэ Нэшъукъуаерэ къэк1огъэ студентхэр. Убзэ зэрегъаш1эмэ фэшъхьаф ц1ыф лъэпкъым ащгъум тилъэпкъ ипсэук1э дахэ, изек1уак1э гъэш1эгъоны. Тилъэпкъ ищытхъу зыгъэ1урэ лъфыгъэхэр ти1эх ахэр врач 1азэх, орэды1ох, къэшъуак1ох, спортсменых….

Усэу «Щэпсэух дунаим адыгэ лъэпкъхэр» къеджэ Гъук1эл1 Рустамэ.

## 2.Темэм изэгъэш1эн

Рассказым икъэ1отэн
Н.207-212

## 3. Темэм игъэпытэн.

Н.212 упч1эу къытхэрэм яджэуап къыратыжьыныр

Рассказым темэу и1эр  тызщалъфыгъэу тызщап1угъэ ч1ып1эр  нахь баи, нахь дахэ зэрэтш1ыным тыпылъыныр. Фэшъхьаф  лъэпкъыбзэхэм нэ1уасэ зафэтш1ыныр  абзэхэр зэдгъэш1эн , тиш1эныгъэ хэдгъэхъон ащ дык1ыгъоу   тэ тилъэпкъыбзэ  зэк1эмэ анахь т1этын, тыбзэ сыд фэдизыбзэ зэдгъэш1агъэми  зыщытымгъэгъупшэныр, тихабзэ тхэлъыныр ары.

## 4. Оценкэхэм чгъэуцун.

## 5. У/ГЪ. Н. 207-212. Сочинение «Силъэпкъ силъэпкъэу сытетын дунаим».

# Шъхьаихыгъэ урок

## Темэр:

## 1эшъынэ Хь. Рассказэу

## « Ч1ыгу 1эш1у»

**Нэшъукъое гурыт**
**еджап1эу № 8**
**ик1элэегъаджэу**
**Зарамыку А. З.**

Адыгабзэм  иуцунрэ ихэхъонрэ зэрэк1охэрэм дэк1о шъыпкъэу адыгэ бзэш1эныгъэри щы1э мэхъу. Ащ иегъэжьэп1э уахътэ адыгабзэм, ащ истильмэ ык1и ишапхъэмэ иуцунк1э иапэрэ лъэхъаным, тхыгъабэ зыщы1э уахътэм ипэублэ  тефэ. А уахътэм зэреджэрэ тхылъхэр атхых, литературабзэм лъапсэ фэхъущт диалектыр гъэунэфыгъэным, тэрэзтхак1эр (орфографиер) гъэунэфыгъэным, гущы1алъэхэр зэхэгъэуцогъэнхэм, литерабзэм макъэу хэтхэр, гущы1эгъэпсык1эу агъэфедэхэрэр къыхэхыгъэнхэм  афэдэ 1офыгъохэм и1ахьыш1у хэзыш1ыхьэхэрэмэ зэу ащыщ  Тхьэркъохъо Юныс.

Я20-рэ л1эш1эгъум адыгэхэм тхэн-еджэным иамал я1э хъугъэ, ятилитературэ лъапсэ ыдзыгъ, ащ ишапхъэхэр уцугъэх.
Адыгабзэм, ащ истильхэм ык1и ишапхъэхэм хэхъоныгъэ аш1ыным имызакъоу, ащ изэгъэш1энк1и мы аужырэ уахътэм зи1ахьыш1у хэзыш1ыхьагъэхэм ащыщ Тхьэркъохъо Юныси.
Обществэм зэхъок1ыныгъэу къыхэхъухьэхэрэм, абзэр зы1улъ ц1ыф лъэпкъым ищы1ак1э, а бзэмк1э тхэхэу, еджэхэу зэрэхъугъэхэм ялъытыгъэ шъыпкъэу адыгабзэм  истильхэм язэхэушъхьафык1ын мак1о.
Литературабзэм ишапхъэхэр уцунхэмрэ ащ функциональнэ стильхэр зэхэушъхьафык1ыгъэ щыхъунхэмрэ охътэ гъэнэфагъэ ахьы, а уахътэр зыфэдизыщтыр ежь бзэм епхыгъэп, ар обществэм и1офхэм язытет къыпкъырэк1ы.  Ищык1эгъэ социальнэ  амалхэр щы1э зыхъук1э, литературабзэр зэдэштэгъэ шапхъэхэр  и1э хъунхэмрэ функциональнэ стильхэр, анахьэу тхылъыбзэм епхыгъэхэр, къэхэушъхьафык1ынхэмрэ афак1о. Адыгабзэр пштэмэ, зэк1эмэ еджак1эрэ тхак1эрэ аш1э зэрэхъугъэм , бзэм обществэм  пшъэрылъэу щыри1эр нахьыбэ зэрэхъугъэм апкъы къик1ык1э, шапхъэхэмрэ стильхэмрэ ясистемэ зык1 ащ щыгъэпсыгъэ хъугъэ, ащ тапэк1и хэхъоныгъэ еш1ы. Ар жабзэм ичаныгъэ гъэлъэшыгъэнымк1э лъапсэ мэхъу. Стилистикэр жабзэм икультурэк1э лъапсэу зэралъытэрэр хьаолыеп. Стиль амалхэр псэлэ щэрыом ылъапсэх, икъэк1уап1эх.